

DEPA VOLONTÈ

Pa afekte dosye imigrasyon ou kòm negatif tankou depòtasyon.

Ka elijib pou depa volontè si:

- Se sèlman yon jij imigrasyon ki ka akòde yon depa volontè. Ofisye ICE yo pa ka akòde yon depa volontè.**

KONSEKANS DEPÒTASYON

- Pèdi estati legal
- Pa gen dwa retounen Ozetazini pandan 10 ane (20 si dezyèm depòtasyon)
- Ou ka pa janm gen dwa retounen Ozetazini si ou gen yon kondanasyon pou dwòg oswa yon krim grav
- Retounen ilegal ka lakòz kondanasyon federal (maksimòm 20 ane prizon)

RAPÈL

- NÒT

KONNEN DWA W YO

justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers

DETANSYON

Dwa ou nan Detansyon:

- Pou yo trete ou avèk respè
- Pou w gen aksè a Manyèl pou Prizonnye yo, materyèl legal yo, ak avoka w la
- Pou gen aksè ak yon telefòn, vizitè ak korespondans
- Pou rekreye
- Pou gen lajan pèsònèl ak pwopriyete
- Pou resevwa swen medikal
- Pou pratike relijyon

Dwa ou nan Tribinal Imigrasyon:

- Ou gen dwa pou yon avoka ak dwa pou w reprezante tèt ou san yon avoka
- Ou gen dwa pou kontentèwoje nenpòt moun ki temwaye kont ou epi poze kesyon sou nenpòt dokiman yo prezante
- Ou gen dwa pou w revize dosye ka w la
- Ou gen dwa pou fè apèl desizyon sou ka w la si w kwè jij la te fè yon erè

DEFANS NAN TRIBINAL IMIGRASYON

1. Sitwayènte

2. Anilasyon Ekspilsyon pou Moun ki pa Rezidan:

- Nan US la pou 10+ ane kontinyèlman
- “Bon karaktè moral”
- Ekspilsyon an ta ka lakòz “difikilte eksepsyonèl ak trè inabityèl” pou mari oswa madanm ou, paran ou, oswa pitit ou (mari oswa madanm, paran, oswa pitit la dwe yon sitwayen ameriken oswa yon LPR)
- Pa kondane pou sèten enfraksyon kriminel

3. Azil:

- Pwoteksyon kont prejidi/pèsekisyon pase oswa krent pou prejidi/pèsekisyon nan lavni nan peyi ou akòz ras, relijyon, nasyonalite, opinyon politik, ak/oswa apatenans nan yon gwoup sosyal patikilye. 1 ane pou aplike.

4. Sispanasyon Ekspilsyon

5. Konvansyon Kont Tòti

JWENN LIBERASYON SOTI NAN DETANSYON

Kosyon: Nenpòt moun ka mande yon kosyon, men se pa tout moun ki kalifye pou kosyon.

Egzijans:

- Se pa yon risk pou fwit (pa pral sove)
- Pa yon danje pou kominote a
- Dosye kriminel minim oswa pa gen okenn dosye kriminel

Mande Kosyon: Si ou vle aplike pou kosyon, ou dwe mande jij la yon *odyans kosyon* apa.

Dokiman pou Kosyon:

- Lèt sipò nan men yon sipòtè
- Lèt sipò soti nan men Anplwayè, Fanmi, Manm nan kominote a
- Dosye ki montre mank dosye kriminel, kantite tan ou genyen Ozetazini, istorik travay

Minimòm nan se \$1,500 epi si yo akòde yon kosyon, souvan li pi wo pase sa.

Habeas: Yon petisyon habeas ap mande yon Tribinal Federal pou l revize si detansyon kontinyèl ou a legal.

Rezon Potansyèl pou yon Petisyon Habeas gen Ladan yo:

- Refi enkòrèk yon odyans kosyon
- Detansyon enkonstitisyonèl pwolonje (Plis pase 6 mwa)
- Yo te deja akòde ou yon kosyon oswa liberasyon, ka w la pa chanje nan okenn nouvo fason, kounye a ou nan detansyon ankò.
- Peyi ou pa vle reprann ou – okenn ekspilsyon pa prevwa nan yon fiti previzib

Ou ka depoze sa yo poukont ou, men li rekòmande pou ou gen yon avoka pou ede ou.